Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (69 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (69 KB)

# Qoraqalpog'iston Respublikasi Vazirlar Kengashi Raisining oʻrinbosari



**Tajetdinov Aybek Altinbekovich**

## Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` Ekonomika ha`m isbilermenlik ma`seleleri boyınsha birinshi orınbasarı

| | |
|---|---|
| **Ma`nzil:** | No`kis qalası G`a`rezsizlik ko`shesi 50-jay |
| **Telefon:** | 0 (361) 2224891 |
| **E-xat:** | a.tajetdinov@exat.uz |
| **E-mail:** | |
| **Qabıllaw ku`nleri:** | Piyshembi, saat 10:00-12:00 |

**Ministrler Ken`esi baslıg`ının` birinshi orınbasarı, Ekonomika ha`m isbilermenlik ma`seleleri boyınsha – Kompleks basshısının` funktsiyalıq wazıypaları haqqında**

**REJE**

**1-bap. Ulıwma qag`ıydalar.**

1. Usı Reje Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` Ekonomika ha`m isbilermenlik ma`seleleri boyınsha birinshi orınbasarının` (keyingi orınlarda Kompleks basshısı dep ataladı) funktsiyalıq wazıypaları usı hu`jjet penen belgilenedi.

2. Kompleks basshısı Ministrler Ken`esinin` normativlik-huqıqıy hu`jjetleri joybarların tayarlaydı, olardı a`melge asırıw boyınsha a`meliy ilajlardı islep shıg`adı ha`m atqarıwdı turaqlı tu`rde a`melge asıradı.

3. Kompleks basshısı ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawda O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatının` tiyisli xızmetleri, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisinin` palataları, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi, sonday-aq, ma`mleketlik basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler menen o`z-ara birge islesedi.

**2-bap. Kompleks basshısının` wazıypaları ha`m funktsiyaları**

4. To`mendegiler Kompleks basshısının` tiykarg`ı wazıypaları bolıp tabıladı:

O`zbekstan Respublikasının` Nızamlarında ha`m O`zbekstan Respublikası Prezidenti ha`m Ministrler Kabineti ta`repinen qabıl etilgen hu`jjetlerde belgilengen ekonomikalıq ha`m isbilermenlik tarawının` en` ha`miyetli tiykarg`ı wazıypalarına muwapıq aymaqtı kompleksli rawajlandırıw boyınsha usınıslar islep shıg`ıw;

Respublika ko`leminde islep shıg`ılg`an ha`m tastıyıqlang`an maqsetli bag`darlamalardın` orınlanıwın ta`miyinlew;

Kompleks basshısının` makroekonomikalıq ko`rsetkishlerin, sonın` ishinde, jalpı aymaqlıq o`nim, sanaat, investitsiya, xızmet ko`rsetiw, usaqlap satıw sawda aylanısı, eksport, infliyatsiya, ba`nlik, jergilikli byudjettin` ha`r jılg`ı prognoz parametrlerin tiykarlang`an halda islep shıg`ıw ha`m onın` orınlanıwın na`tiyjeli sho`lkemlestiriw, dibitorlıq-kriditorlıq qarızdarlıqlar ju`zege keliwinin` aldın alıw boyınsha sistemalı jumıslardı a`melge asırıw ha`m qarızdarlarlıqtı saplastırıwdın` na`tiyjeli usılların engiziw;

ekonomika ma`seleleri boyınsha tiyisli ministrliklerdin`, vedomstvolardın`, komitetlerdin`, kommertsiyalıq banklerdin` aymaqlıq strukturalarının` jumısın muwapıqlastırıw, xalıqtı isbilermenlikke tartıw maqsetinde olar menen kommertsiyalıq banklerdin` arasında baylanıs ornatıw ushın ha`r bir shan`araqqa kompleksli bank ha`m qarjı xızmetlerin usınıw arqalı jen`illikli kreditlew bag`darlamaların islep shıg`ıw ha`m so`zsiz a`melge asırıw;

tarmaqlıq ha`m aymaqlıq basqarıw uyımlarının` turaqlı birge islesiwin jolg`a qoyıw, ekonomikanın` barlıq tarmaqların, sonın` ishinde, bazalıq tarmaqlardın` turaqlı rawajlanıwı, onda respublikalıq, qalalar ha`m rayonlar kesiminde o`ndirislik ha`m miynet resursların aqılg`a ug`ras

jaylastırıw ilajların islep shıg`ıw, ba`sekige shıdamlı o`nimler islep shıg`arıw ushın o`ndiristi modernizatsiyalaw, strukturalıq o`zgertiwdi ha`m diversifikatsiyalawdı a`melge asırıw, investitsiyalardı, sonın` ishinde, tikkeley shet el investitsiyaların qarjılay ha`m zamanago`y texnologiyalar tu`rinde tartıw, ka`rxanalar arasında kooperatsiya baylanısların ken`eytiw;

ekonomikalıq reformalardı teren`lestiriw, aymaqlıq ekonomika tarawın kompleksli rawajlandırıwdın` tiykarg`ı bag`darlamaların, sonın` ishinde, sanaat, investitsiya, jergiliklilestiriw, awıl xojalıg`ının` barlıq tarawın, a`sirese, paxta talshıg`ın ha`m miywe-ovoshtı qayta islew, xızmetler tarawın rawajlandırıw sıyaqlı maqsetli bag`darlamalalardı kepillikke alıng`an qarjı da`reklerin anıqlag`an halda respublika qalaları menen rayonlarının` jergilikli byudjeti parametrleri menen turaqlı tu`rde islep shıg`ıw ha`m so`zsiz a`melge asırıwdı ta`miyinlew;

aymaqlıq investitsiyalıq bag`darlamalardın` a`melge asırılıwın, respublika ekonomikasın rawajlandırıwdın` ortasha ha`m uzaq mu`ddetli bag`darlamalarına kirgizilgen iri investitsiya joybarların a`melge asırıwg`a ko`meklesiw;

menshiklestiriw protsesslerin teren`lestiriw ha`m ka`rxanalardın` ustav kapitallarındag`ı ma`mleketlik u`lesin ha`m aktivlerin jeke investorlarg`a, sonın` ishinde, shet elli investorlarg`a satıw esabınan respublika ekonomikasında jeke menshiktin` da`rejesin ha`m rolin arttırıw;

kishi biznes ha`m jeke isbilermenlikti rawajlandırıwdı qollap-quwatlaw, olardın` huqıqların qorg`aw ha`m erkinliginin` kepilligin ta`miyinlew, qolaylı isbilermenlik ortalıg`ın qa`liplestiriw, jan`a ka`rxanalar, sonın` ishinde, kishi biznes ha`m jeke isbilermenlik tarawında ka`rxanalardı sho`lkemlestiriw bag`darlamaların islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw, jan`a jumıs orınların jaratıw ha`m xalıqtın` ha`r qıylı qatlamlarının` ba`ntlik ma`selelerin sheshiw arqalı jergilikli byudjettin` da`ramat bazasın ken`eytiw, respublikalıq ha`m jergilikli byudjetke o`simlerdin` ko`lemin arttırıw esabınan jergilikli byudjet subventsiyasının` ko`lemin basqıshpa-basqısh qısqartıw ha`m saplastırıw;

awıl xojalıg`ı tarawındag`ı reformalardı bunnan bılay da teren`lestiriw, ko`p tarmaqlı fermer xojalıqların qarjılay qollap-quwatlaw, bul tarawdı industriyalasqan tarmaqqa aylandırıw maqsetinde awıl xojalıg`ının` barlıq tu`rdegi o`nimlerin qayta islewdi ha`m eksport etiwdi keskin ken`eytiw ushın arnawlı bag`darlamalalardı islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw;

islep shıg`arılg`an o`nimlerdi, aymaqlıq sanaat o`nimlerin eksport etiw bag`darlamaların islep shıg`ıw, du`n`yadag`ı baha kon`kturasın u`yrenip talqılap barıw ha`m jan`a tu`rdegi o`nimlerdi o`zlestiriw ja`ne oolardı jan`a bazarlarda eksport etiwdi ta`miyinlew boyınsha kompleksli ilajlar islep shıg`ıw ha`m a`melge asırıw;

insan ma`plerin ta`miyinlew, a`sirese, awıllıq jerlerde xalıqtın` turmıs da`rejesin ha`m sapasın arttırıw, bunnan bılay da abadan turmısta jasawı ushın pensiya ha`m napaqalar, real da`ramatların turaqlı arttırıw da`reklerin jaratıw, zamanago`y bank ha`m qarjı infrastrukturasın jaratıw esabınan naq pul to`lemlerin o`z waqtında a`melge asırıwdın` jan`a mexanizmi menen sistemasın engiziw;

usaqlaw ha`m ko`tere sawdanı, xızmetler ko`rsetiw tarawın sho`lkemlestiriw sistemasın jetilistiriw, sawdanı sho`lkemlestiriwdin` ha`m xızmetler ko`rsetiwdin` jan`a formaları menen tu`rlerin ken`nen engiziw, xalıqtı tutınıw tovarları ha`m xızmetler menen ta`miyinlew boyınsha marketing izertlewlew boyınsha bazarlardın`, yarmarka ha`m ko`rgizbelerdin` jumısın muwapıqlastırıw;

«Bir ayna» printsipi boyınsha isbilermenlik sub`ektlerine ma`mleketlik xızmetler ko`rsetetug`ın birden-bir oraylardın` ha`m ma`mleketlik xızmetler ko`rsetetug`ın basqa da wa`killikli uyımlardın` jumısın, sonday-aq, ma`mleketlik uyımlar menen isbilermenlik sub`ektleri arasındag`ı o`z-ara qatnasıqlardın` tikkeley baylanıssız tu`rlerin engiziwdin` jag`dayın talqılaw;

isbilermenlik ortalıg`ının` indikatorların bahalaw ha`m isbilermenlik sub`ektleri arasında o`tkerilgen soraw-juwaplardın` na`tiyjeleri tiykarında isbilermenlik ortalıg`ın rawajlandırıw boyınsha ko`rilip atırg`an ilajlardın` na`tiyjeliligi haqqındag`ı talqılang`an materiallardı tayarlaw ha`m son`ınan olardı O`zbekstan Respublikası Ekonomika ministrine kirgiziw;

aymaqta isbilermenlik ortalıg`ın bunnan bılay da jaqsılawg`a, sonday-aq, isbilermenlik sub`ektlerinin` huqıqıy kepilliklerin bekkemlewge ha`m kishi ha`m jeke isbilermenlikti bunnan bılay da rawajlandırıwdı xoshametlewge bag`darlang`an normativlik-huqıqıy hu`jjetlerdi jetilistiriwge baylanıslı usınıslardı islep shıg`ıw;

isbilermenlikti rawajlandırıwdag`ı en` a`hmiyetli mashqalalar boyınsha seminarlar ha`m do`gerek sa`wbetlerin turaqlı o`tkeriw, sonday-aq, isbilermenlikti qollap-quwatlaw boyınsha ko`rilip atırg`an ilajlardın` na`tiyjeliligi haqqındag`ı materialllardı g`alaba xabar qurallarında ja`riyalaw jolı menen isbilermenlik sub`ektleri arasında ma`limleme ha`m tu`sinik jumısların sho`lkemlestiriw;

O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına ha`m O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine ko`rip shıg`ıw ushın kirgiziletug`ın, sonday-aq, xalıq deputatları ta`repinen qabıl etiletug`ın normativlik-huqıqıy ha`m basqa da hu`jjetlerdin` joybarların ha`r ta`repleme ekonomikalıq, qarjı ha`m huqıqıy ekspertizadan o`tkeriw;

qaramag`ındag`ı sekretariyat ha`m tarawg`a baylanıslı tiyisli sho`lkemler menen ma`kemelelerde atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları orınlanıwın qadag`alaw, jumıs alıp barıwdı ha`m qadag`alawdı sho`lkemlestiriw boyınsha normativlik hu`jjetlerdin` talapları tiykarında jumıstı sho`lkemlestiriw ha`m atqarıw ta`rtibin bekkemlew;

fizikalıq ha`m yuridikalıq shaxslardın` mu`ra`jatların a`meldegi nızamlarg`a muwapıq ko`rip shıg`ıw;

nızam hu`jjetlerine muwapıq basqa da wazıypalardı orınlaydı.

**3-bap. Kompleks basshısının` huqıqları ha`m juwapkershiligi**

5. Kompleks basshısı o`zine ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlaw ushın to`mendegi huqıqlarg`a iye:

Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi talqılaw ha`m islep shıg`ıw ushın za`ru`r bolg`an materialllar menen mag`lıwmatlardı ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerinen, qala ha`m rayonlıq ha`kimlerden, basqada sho`lkemlerden belgilengen ta`rtipte soraw ha`m alıw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları, ma`mleketlik atqarıwshı ha`kimiyat uyımları, basqa da uyımlar ha`m sho`lkemler basshıları menen wa`killerinin` qatnasıwında ma`jilisler o`tkeriw;

juwapkershilik ju`klengen ministrliklerdin`, ma`mleketlik komitetler menen vedomstvolardın`, ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımları kollegiyalıq uyımlarının` ma`jilislerinde, sonday-aq, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esi Baslıg`ının` ha`m Ministrler Ken`esi

Baslıg`ının` tapsırmaları boyınsha – ma`mleketlik basqarıw uyımlarının`, Kompleks basqaratug`ın tarawg`a kiretug`ın ma`seleler boyınsha o`tkeriletug`ın ma`jilisleri menen jıynalıslarında qatnasıw;

za`ru`rlik bolg`anda Ministrler Ken`esinde ko`rip shıg`ılatug`ın ma`selelerdi islep shıg`ıw, ma`limleme ha`m talqılaw materialların, Ministrler Ken`esi hu`jjetleri joybarların tayarlaw ushın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` basshıların, qala ha`m rayon ha`kimleri basshıları menen xızmetkerlerin mira`t etiw, usı maqsetler ushın waqtınsha eksport toparların sho`lkemlestiriw;

aymaqtı ekonomikalıq rawajlandırıw ma`seleleri ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, qala ha`m rayon ha`kimliklerinin` ha`m basqa da sho`lkemlerdin` basshıları menen xızmetkerlerinin` qatnasıwında ko`rip shıg`ılıwın ha`m dodalanıwın sho`lkemlestiriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limlerine, qala ha`m rayonlıq ha`kimliklerge, basqa da sho`lkemlerdin` basshılarına operativlik penen sheshiwdi talap etetug`ın ja`ne basqarıw apparatına ju`klengen wazıypalar menen funktsiyalardı orınlawg`a baylanıslı ma`seleleler boyınsha belgilengen ta`rtipte tapsırmalalar beriw;

ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarının` aymaqlıq bo`limleri, qala ha`m rayonlar ha`kimlikleri, basqa da sho`lkemlerdin` normativlik-huqıqıy ha`m basqa da hu`jjetleri menen tapsırmalarının` orınlanıwı boyınsha jumıslardı belgilengen ta`rtipte u`yreniw;

O`zbekstan Respublikası Prezidentinin`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` ha`m O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` hu`jjetlerine ha`m tapsırmalarına, O`zbekstan Respublikası Prezidenti Apparatına, sonday-aq, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları apparatlarına ha`m O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabineti apparatının`, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin`, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Ken`esinin` tapsırmalarına muwapıq usınıslar menen hu`jjetler joybarlarının` ha`r ta`repleme ha`m o`z waqtında tayarlanıwı;

ekonomikalıq rawajlandırıw tendentsiyalarının`, ekonomika tarmaqları menen tarawlarında a`melge asırılıwının` sistemalı monitoringinin` alıp barılıwı, Ministrler Ken`esi Baslıg`ının` orınbsarı ko`rip shıg`ıwın ha`m qarar qabıl etiwin talap etetug`ın mashqalalı ma`selelerdin` kelip shıg`ıw sebeplerinin` o`z waqtında anıqlanıwı ha`m usınıslar tayarlanıwı;

ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen Ministrler Ken`esine kirgizilgen usınıslar menen hu`jjetlerdin` sapalı ha`m o`z waqtında islep shıg`ılıwın sho`lkemlestiriwi, olardın` ekonomikalıq, qarjı ha`m huqıqıy ekspertizadan o`tkeriliwi, sonday-aq, tiykarlang`an juwmaqlardın` tayarlanıwı;

O`zbekstan Respublikası Apparatına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarına ha`m O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetine, Qaraqalpaqstan Respubliası Joqarg`ı Ken`esine ko`rip shıg`ıw ushın kirgiziletug`ın hu`jjetler menen usınıslardın` joybarların islep shıg`ıwdın` ha`m ekspertizadan o`tkeriwdin` sapası, sonday-aq, kirgizilgen joybarlar menen qabıl etilgen qararlardın` a`melge asırılıwının` ekonomikalıq aqıbetleri;

O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` «Atqarıw ta`rtibin bekkemlew ilajları haqqında»g`ı 1999-jıl 12-yanvar`dag`ı 12-sanlı qararına muwapıq atqarıw ta`rtibinin` ta`miyinleniwi;

O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` nızamlarının`, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palataları qararlarının`, O`zbekstan Respublikası Prezidenti pa`rmanlarının`, qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` ja`ne Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararlarının`, biylikleri menen tapsırmalarının`, sonday-aq, Ministrler Ken`esi Baslıg`ı tapsırmalarının` ma`mleketlik uyımlar ha`m basqa da sho`lkemler ta`repinen orınlanıw halatının` o`z waqtında u`yreniliwi ushın juwap beredi.

**4-bab. Kompleks basshısının` jumısın sho`lkemlestiriw**

6. Kompleks basshısının` isleri O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Konstitutsiyalarına, «Jergilikli ma`mleketlik ha`kimiyat haqqında»g`ı O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikasının` Nızamlarına, O`zbekstan Respublikası ha`m Qaraqalpaqstan Respublikasının` basqa da nızamlarına, O`zbekstan Respublikası Oliy Majlisi palatalarının` qararlarına, O`zbekstan Respublikası Prezidentinin` hu`jjetleri menen tapsırmalarına, O`zbekstan Respublikası Ministrler Kabinetinin` qararlarına, biylikleri menen tapsırmalarına, Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarg`ı Ken`esinin` qararlarına, biylikleri menen tapsırmalarına muwapıq, sonday-aq, Ministrler Ken`esinin` is rejeleri tiykarında sho`lkemlestiriledi.

Komplekstin` is rejesi kompleks basshısı ta`repinen tastıyıqlanadı.

7. Kompleks basshısının` O`zbekstan Respublikası menen Qaraqalpaqstan Respublikası nızamlarının`, O`zbekistan Respublikası Prezidenti parmanlarının`, qararları menen biyliklerinin`, Hu`kimet qararlarının` juwapkershilik ju`klenetug`ın ma`mleketlik ha`m xojalıq basqarıw uyımlarında, sho`lkemlerde, jergilikli atqarıwshı ha`kimiyat uyımlarında a`melge asırılıwının` sistemalı monitoringin ta`miyinlew boyınsha jumısı Ministrler Ken`esinin` is rejesine, sonday-aq, Miistrler Ken`esi Baslıg`ının` tapsırmalarına muwapıq kompleksli u`yreniwlerdi a`melge asırıw jolı menen, Ministrler Ken`esi, Ministrler Ken`esinin` Prezidium ma`jilislerinde ekonomika ha`m isbilermenlik ma`seleleri boyınsha kompleksinin` esapların tın`lag`an halda sho`lkemlestiriledi.

**5-bap. Kompleks basshısı ta`repinen jumısları sho`lekemlestiriletug`ın komissiyalar ha`m ken`esler**

8. Qadag`alawshı uyımlardın` jumısın muwapıqlastırıw komissiyası;

Ma`mleketlik mu`lkti shet el investorlarına satıw boyınsha tender sawdaların o`tkeretug`ın Ma`mleketlik komissiyanın` Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq tan`law komissiyası;

Mu`ddeti o`tip ketken debitorlıq ha`m kreditorlıq qarızlardı qısqartıw ha`m byudjetke to`lemler ta`rtibin bekkemlew boyınsha komissiyası;

Sanaat kooperatsiyası tiykarında tayar o`nimler, komplektlewshi buyımlar ha`m materiallar islep shıg`arıwdı jergiliklilestiriw bag`darlamasının` a`melge asırılıwın ta`miyinlew boyınsha arnawlı komissiyası:

Pul-kredit siyasatı boyınsha komissiyası;

Qarjı-xojalıq jumısın alıp barmay atırg`an ha`m nızmshılıqta belgilengen mu`ddetlerde o`zlerinin` ustav qorların sho`lkemlestirmegen ka`rxanalardı saplastırıw boyınsha arnawlı respublikalıq komissiyası;

Tutınıwshılardın` huqıqların qorg`aw boyınsha vedomstvolararalıq Ken`esi;

Alkagol` o`nimleri menen usaqlap satıw huqıqın beretug`ın ruqsatnama gu`walıqların beriw boyınsha arnawlı komissiyası;

Sotsiallıq ko`nlikpe orayı ma`seleleri boyınsha jumıs alıp baratug`ın Respublikalıq komissiyası.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*